



Pou Piblikasyon Imedya: 17/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 1.5 MILYON DOLA POU 'FEEDING NEW YORK STATE' POU EDE AK ENSEKIRITE ALIMANTÈ NOUYÒKÈ YO AK AGRIKILTÈ YO NAN ETA A

Nan kad inisyativ Nourish New York ki ankou a, finansman an pral ede konekte Nouyòkè ki gen bezwen yo avèk manje lokal bon kalite.

Finansman an bay sipò pou transpò ak lojistik enpòtan pou kenbe apwovizyonman alimentantè a an mouvman

Foto bank alimentantè rejyonal Nòdès New York pandan evènman "Jounen Sèvis" DEC [jisit la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a 1.5 milyon dola kòm finansman pou 'Feeding New York State' pou sipòte rezo 10 bank alimentantè rejyonal li yo ansanm ak fèm lokal yo pou ede bay lèt ak pwodui pou nourir Nouyòkè ki gen ensekirite yo. Finansman sa a, ki disponib atravè Finansman Pwoteksyon Anviwònmanal (Environmental Protection Fund, EPF) Eta a, se an repons ak plis nesosite pou sèvis bank alimentantè yo akòz pandemi COVID-19 la, epi li sipòte tou efò kontinyèl Eta a pou anpeche gaspiyaj manje.

"Si ou gade pa dèyè nan listwa, pafwa sa mande yon kriz pou reveye moun yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Kriz sa a te kreye ensekirite alimentantè - yon pwoblèm twòp Ameriken malerezman abitye ak li - byen klè, epi nou pa sèlman ap pote atansyon, men n ap poze aksyon pou ede asire Nouyòkè yo pa grangou epi jwenn aksè ak manje ki fre ak sen."

Finansman an ki te anonse jodi a pral pèmèt Feeding New York State ogmante kantite lèt konsèvasyon ki transfòme ak distribye bay bank alimentantè rejyonal yo yon kantite galon ki estime ak 900,000; epi apwovizyone ak transpòte anviwon 6.7 milyon liv pwodui bon kalite, ki kiltive nan New York bay bank alimentantè rejyonal yo.

COVID-19 gen enpak devastatè sou don manje ak sistèm distribisyon New York la. Rezo 10 bank alimentantè rejyonal Feeding New York State la ap eksperimante yon ogmantasyon nan demann pou manje ki sòti an 40 pousan pou pase nan 200 pousan. Anplis de ogmantasyon sa a nan demann klilyan, bank alimentantè yo ap fè fas ak gwo reta nan acha manje yo ki nòmalman konplete don yo. An menm tan, agrikiltè New York

yo ak transfòmasyon letye New York yo te pèdi mache pou vant pwodui letye ak pwodui, sa ki lakòz gaspiyaj manje ak lèt. Finansman sa a pral bay bank alimantè ak agrikiltè yo sipò lojistik ak transpò anplis ki nesèsè pou distribiye bay moun ki gen bezwen.

Anons la sipòte [inisyativ Nourish New York Gouvènè Cuomo te anonse a](#) ki nan 25 milyon dola, nan mwa me a, ki sible sipli pwodui agrikòl bay Nouyòkè ki gen plis bezwen yo atravè rezo bank alimantè nan Eta a. Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets, DAM) Eta a ap travay pou redirije byen vit sipli pwodui alimantè yo bay sila yo ki plis bezwen yo atravè rezo bank alimantè New York la.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) la, Basil Seggos te deklare, "Ede konpatiyòt Nouyòkè nou yo pa te janm pi enpòtan oswa pi nesèsè ke sa piske fanmi yo nan eta a ap fè fas ak plis ensekirite alimantè ke enpak vag COVID-19 la te rann pi mal. Eta New York fyè pou kolabore yon lòt fwa ankò avèk Feeding New York State, rezo bank alimantè li sipòte, ak agrikiltè yo pare ak kapab bay pwodui lokal, bon kalite ak pwodui ki pral ede bati fanmi ak kominote yo ki pi djanm".

Komisè Agrikilti Eta a, Richard A. Ball te deklare, "Apèn nan kèk mwa, pwogram Nourish NY Gouvènè a te redirije plizyè milyon liv sipli lèt ak pwodui nan fèm nou yo bay kominote ki plis bezwen yo. Finansman anplis sa a ki sòti nan DEC pral sipòte pwogram Nourish NY la ak travay enpòtan bank alimantè nou yo nan ogmante kapasite yo pou trete ak transpòte manje sen, nitritif sa yo epi kenbe yo an mouvman atravè chèn apwovizyonman alimantè a".

Direktè Egzekitif Feeding New York State Dan Egan te deklare, "10 bank alimantè nou yo nan New York rekonesan pou opòtinite DEC ap ba nou. Nouyòkè yo ki te pèdi revni yo pa ta dwe ap gen laperèz grangou, espesyalman nan yon moman kote agrikiltè pwodiktif nou yo gen pwodui nitritif ak pwodui letye pare. San finansman sa a, anpil nan manje sa yo t ap ale nan fatra, sa ki afekte anviwònman an. Kounye a nou kapab se kliyan agrikiltè New York yo epi bay manje bon kalite bay vwazen nou yo ki gen bezwen".

[Feeding New York State](#) ede bay anpil milyon moun manje chak ane gras a plis pase 5,000 gad-manje kominotè, soup popilè, refij, ak lòt pwogram ankò yo genyen. Li te kreye nan ane 2004 pou reprezante bank alimantè yo epi ede yo avèk efò edikatif yo ak pou jwenn finansman. Feeding New York State sipòte misyon bank alimantè rejyonal sa yo: asire ke tout moun nan chak kominote gen aksè ak bon manje ki sen; ankouraje sansibilizasyon sou ensekirite alimantè; epi ede ankouraje don ak sipò volontè.

Eta New York te pran yon angajman depi byen lontan pou lite kont grangou epi [Gouvènè Cuomo te lanse plizyè inisyativ ak pwogram revolisyonè nan ane ki sot pase yo](#), pami yo Konsèy sou Politik sou Grangou ak Manje a (Council on Hunger and Food Policy), Vital Brooklyn ak inisyativ Okenn Elèv Pa Dwe Ret Grangou a (No Student Goes Hungry), pou lite kont grangou, rann li pi fasil pou moun jwenn manje ki bon pou

lasante yo kiltive onivo lokal epi pote bwason ak pwodui alimantè yo kiltive nan New York nan kominote defavorize yo. Sibvansyon ki te anonse jodi a chita tou sou plis pase [4.3 milyon dola](#) Gouvènè a te anonse anvan sa ane sa a pou pwojè yo nan eta a ki pral ede anpeche grangou ak redui eliminasyon dechè alimantè yo atravè don alimantè ak resiklaj. Sibvansyon yo te swiv siksè lwa sou Resiklaj Rès Manje ak Don Manje nan ane 2019 ke Gouvènè a te siyen ki mande pou tout pwodiktè rès manje ki deziyen yo fè don manje manjab yo pou moun ki nan bezwen yo anvan, epi dezyèman, pou yo resikle rès manje yo si gen yon enstalasyon resiklaj vyab ki sitiye nan yon distans 40 kilomèt.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)